KOLEKSYON Sa k Pase?

Se Kanaval!

Maude Heurtelou

KOLEKSYON

Sa k Pase?

Se Kanaval!



Maude Heurtelou

Tit : Se Kanaval!
Otè : Maude Heurtelou
Ilistrasyon : Patrick Noze
Mizanpaj : Natalia Lovera

Copyright 2017, Educa Vision Coconut Creek, FL

Tout dwa repwodiksyon liv sa a rezève. Pèsonn moun pa otorize repwodui, anrejistre osnon fè difizyon liv sa a osnon kèk pati liv sa a, sou kèlkeswa fòm nan, elektwonik, mekanik osnon alekri san otorizasyon alekri editè a osnon otè a.

Pou tout enfòmasyon, kontakte:

Educa Vision Inc.,
2725 Nw 19th Street,
Pompano Beach, FL 33069
Telefòn: 954-968-7433
Fax: 954-970-0330
Imel: educa@aol.com
Web: www.educavision.com

Se Kanaval!

Maude Heurtelou

Epòk kanaval rive. Tout timoun nan lekòl mwen yo pral nan Kanaval Timoun. Paske mwen pa fè mwayèn mwen lekòl, papa m di mwen pa ka ale nan kanaval.

Oo? Mwen gen gwo pwoblèm! Sa m dwe fè?

Pandanstan an, manman m ap makiye Joslin. Joslin pral monte sou cha. Yo chwazi l pou l fè rèn. Mezanmi! Jan mwen renmen danse nan kanaval! Ki sa pou m fè pou papa m ban m yon chans?

Mwen an pinisyon move lè! M ap gade kanaval la nan yon ti twou nan pòt lakay la. Mwen wè manman m degize an afranchi. Oo! Fanfan, ti zanmi m nan, degize an Endyen. Woy! Gade Wonal degize an lamayòt! Lamayòt mwen pa pè w, se moun ou ye!

Sa m ta fè pou papa m ban m yon chans!

Mwen tande : Pidim pip pip, pip pip bap !

Pidim pip pip, pip pip bap !

Pidim pip pip, pip pip bap !

Sa m ta fè pou mwen gen yon chans ale nan kanaval ! Woy ! Mwen pran sant benyen!

Kounye a, Joslin ap soti. Woooo! Ala bèl rad li a bèl! Tout moun ap bat bravo pou li. Mizik la chofe.

Pidim pip pip, pip pip bap !

Pidim pip pip, pip pip bap !

Pidim pip pip, pip pip bap !

Sa m ta fè pou mwen gen yon chans ale nan kanaval mezanmi !

Sa pa fè sans pou tout moun nan kanaval, epi, mwen an pinisyon! Benyen yo santi bon. Mwen ta manje detwa benyen!

Kounye a, Joslin monte sou cha a. Cha a ap pase. Mizisyen yo ap bay ochan devan lakay la. Mesye wo!

Mwen vle kriye, men, mwen pa ka kriye. Kote mwen ye la a, andedan kay la, se yon sèl bagay ki nan tèt mwen: Se danse ak mizik la.

Pidim pip pip, pip pip bap !

Pidim pip pip, pip pip bap !

Papa m ap gade kanaval la deyò a. Li di m mwen pa gen dwa soti. Mwen bezwen pale avèk li. Mwen bezwen mande l yon chans. Mwen pran sant benyen ! Mwen ta manje benyen !

Se pa de moun ki ap amize yo deyò a. Ane sa a, Kanaval Timoun yo chofe tout bon. Granmoun yo aliyen vin gade. Nan konkou Kanaval Timoun Karayib la, se Ayiti ki pran premye pri ane sa a. Oo? Gade touris k ap fè foto! Mwen pa ka pa la, mezanmi !

Mezanmi, kot papa m !

- Papa, papa, mwen pwomèt m ap fè dis sou dis pou mwayèn mwa pwochen. Kote ou, papa ?

Pidim pip pip, pip pip bap !

Mizik la chofe pi rèd. Menm touris yo ap danse. Mwen pa ka rate moman sa a. Mwen pa ka pa manje benyen.

Mwen tande radyo di bann ki rele *Baton Bouki* a fin pase devan Ministè a. Kounye a, li pral pase devan palè nasyonal la. Dapre sa anonsè a di nan radyo a, sanble se *Baton Bouki* ki ka genyen premye pri nasyonal la.

Baton Bouki, se bann katye lakay la. Se sou cha *Baton Bouki* a Joslin ye. Mezanmi, mwen pa ka pa danse nan kanaval ane sa a. Pinisyon sa a twò di. « Papa, papa, kote ou ? Ban m yon chans, tanpri, papi ! »

Mwen tande anonsè a di nan radyo apre defile a, pral gen bal. Ane sa a, prezidan an envite tout rèn Kanaval Timoun yo vin danse nan palè a. Mwen ta renmen ale nan bal la tou. Men, anvan bal la, mwen vle danse nan defile a. Se la mizik la pi chofe. Nan bal la, se pou mwen danse an moun debyen. Nan bann nan, mwen ka vire ren m. Se sa mwen pi renmen.

Mwen tande yon bwi nan seri pòt la. Oo! Se papa m.

- Janjan! Janjan! Kote ou? Mwen fè pa w. Ou mèt al gade kanaval la deyò a pou inèdtan !

- Mèsi wi, papa. Papa, tanpri, ban m yon goud pou m al achte benyen.

Mwen pral lari. Mwen soti nan lari a pandan fedatifis la. Mwen achte kat benyen pou yon goud. Mwen manje yo san reflechi. Chans pou mwen, mwen jwenn yon bann rara k ap pase. Bann rara a dous kou siwo :

Ponpon ponpon pon !

Ponpon ponpon pon pon !

Pitim pitim pim bo w !

Men pa w !

Pitim pitim pim bo w !

Men pa w !

Woy ! Mwen pa bezwen ale nan bal, mwenmenm. Mwen jwenn sa m ta p chèche a. Mwen manje benyen. Mwen danse. Pa gen pi bon plezi pase danse rara anba fedatifis. Viv Kanaval Timoun !

Kesyon

1. Pou kisa Janjan an pinisyon?

2. Ki jan bann kanaval nan katye a rele?

3. Ki sa ki pi enterese Janjan, bal la osinon defile a? Pou ki sa ou di sa?

4. An ki sa de zanmi Janjan yo degize ?

5. Ki de anvi Janjan te genyen ?

6. Eske ou janm an pinisyon pandan tout moun ap amize yo ? Rakonte.

7. Se pa tout moun ki renmen kanaval. Sa kanaval reprezante pou ou ?

8. Ki lòt tradisyon ayisyen ou renmen apa de kanaval ?

9. Ak ki enstriman jwè yo ka fè son:
“Pidim pip pip, pip pip bap ! “

10. Ak ki enstriman jwè yo ka fè:
“Ponpon ponpon pon!- Ponpon ponpon pon pon !”

Repons

1. Li pa fè mwayèn li lekòl.
2. Baton Bouki.
3. Defile a. Li renmen al vire ren l.
4. Endyen ak Lamayòt.
5. Manje benyen epi al danse nan bann nan.
6. Rakonte.
7. Eksplike.
8. Rakonte.
9. Tanbou.
10. Banbou.

Se Kanaval!

Liv sa a, **Se Kanaval!**, nan **Koleksyon S ak Pase**. Se istwa Janjan ki renmen kanaval, men, ki an pinisyon. Li pa gen dwa soti pandan bann yo ap pase. Eske Janjan ap rive danse nan Kanaval Timoun ane sa a ? Ki sa kanaval vle di pou anpil timoun ? Ki sa tradisyon sa a reprezante pou Janjan ? Pou manman l, papa l ak sè l ? An nou chèche konnen.

Cat.#: B1354
ISBN: 978-1-62632-709-2

EDUCA Vision Inc

www.educavision.com